



رئاسة الشؤون الدينية
بالمسجد الحرام والمسجد النبوي

Shona

شونا

رَسُولُ الْإِسْلَامِ مُحَمَّدٌ ﷺ

Mutumwa weChitendero
cheIslam, Muhammad,
Allah ngavavakomborere
nekuvapa rugare



Dare rezvedzidzo rebazi
rehutungamiri hwechitendero
paMasjid al -Haram neMasjid an-Nabawi

رَسُولُ الْإِسْلَامِ مُحَمَّدٌ ﷺ

**Mutumwa weChitendero
cheIslam, Muhammad, Allah
ngavavakomborere nekuvapa
rugare**

اللَّجْنَةُ الْعِلْمِيَّةُ

بِرئاسة الشُّؤْنِ الدِّينِيَّةِ بِالمَسْجِدِ الحَرَامِ وَالمَسْجِدِ النَّبَوِيِّ

Dare rezvedzidzo rebazi rehutungamiri
hwechitendero paMasjid al -Haram neMasjid
an-Nabawi

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Mutumwa weChitendero cheIslam, Muhammad, Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare

Muzita raAllah, vane tsitsi, vane ngoni. Iyi itsanangudzo pfupi pamusoro peMutumwa weChitendero cheIslam, Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), mandinotsanangura zita rake, dzinza rake, nyika yake, wanano yake, hutumwa hwake, nezvaaiparidza, zviratidzo zvehuporofita hwake, mitemo yake, pamwe nemaonero evavengi vake pamusoro pake.

1- Zita rake, dzinza rake, neguta raakaberekerwa nekukuriramo.

Mutumwa weChitendero cheIslam ndiMuhammad mwanakomana waAbdullah mwanakomana waAbdul-Muttalib mwanakomana waHāshim wekurudzi rwaIshumairi mwanakomana waAbrahamu, rugare ngarwuve pavari vose.

Zvakaitika ndezvekuti Muporofita waAllah, Abrahamu (rugare ngarwuve kwaari), akauya kubva kuSham (Syria - kudunhu reLevanti) achienda kuMakkah, aine mudzimai wake Hagari pamwe nemwanakomana wake Ishumairi, uyo aive

achiri mucheche. Akavagarisa kuMakkah nemurairo unobva kuna Allah, Samasimba vane Mbiri. Mukomana uyu paakakura, Muporofita Abrahamu (rugare ngarwuve kwaari) akauya kuMakkah. Iye nemwanakomana wake Ishumairi (rugare ngarwuve kwavari vese) vakavaka Ka'bah, imba Inoyera. Vanhu vakawanda vakagara vakakomberedza imba iyi, uye Makkah ikava nzvimbo yevanoshuvira kunamata Allah, Tenzi vezvisikwa zvose, vachida kuita Hajj. Vanhu vakaramba vachinamata Allah uye vachitenda muhumwe hwavo patsika dzechitendero chaAbrahamu (rugare ngarwuve kwaari) kwemazana emakore.

Zvadaro pakazove nekutsauka (kubva muchitendero chaAbrahamu), zvakaitsa kuti mamiriro eChitsuwa cheArabia ave akafanana needzimwe nyika dzose dzepasi rose. Zviito zvechihedheni zvakanga zvave pachena imomo: sekunamata zvifananidzo, kuviga vana vechisikana vari vapenyu, kudzvinyirira vakadzi, kupupura nhema, kunwa doro, kuita zvinonyangadza, kudya pfuma yenherera, nekutora chimbadzo ...

Munzvimbo iyoyo uye munharaunda yakadaro ndimo makazvarirwa Mutumwa weChitendero cheIslam, Muhammad mwanakomana waAbdullah, kubva mudzinza raIshumairi mwanakomana waAbrahamu (rugare ngarwuve pavari vose),

mugore ra571 A.D. Baba vavo vakashaya vasati vazvarwa, uye amai vavo vakazoshaya pavaive nemakore matanhatu ekuberekwa, vakazorerwa na babamukuru vavo Abu Talib. Vakararama vari nherera, uye vari murombo, vachidya uye vachiraramiswa nezvavaiwana kubva mumabasa emaoko avo.

2- Wanano yakakomborerwa nemudzimai akakomborerwa

Pavainge vava nemakore makumi maviri nemashanu, vakaroora mumwe wevakadzi vanoremekedzwa vekuMakkah, anove Khadijah mwanasikana waKhuwaylid, Allah ngavafare naye. Vakakomborerwa nekuita vanasikana vana, nevanakomana vaviri naye, asi vanakomana vavo vakashaya vachiri vadiki. Mabatiro avaiita mudzimai wavo nemhuri yavo ainge akazara nemutsa nerudo rukuru. Nokuda kweizvi, mudzimai wavo Khadijah aivada nerudo rwakakura kwazvo, uye naivowo vakamupawo rudo rwakafanana nerwake. Havana kumbomukanganwa kunyangwe mushure memakore mazhinji kubva pakushaya kwake. Vaiuraya hwai voigovera kushamwari dzaKhadijah, Allah ngavafare naye, senzira yekudziremekedza, vachiratidza mutsa kwaari (Khadijah), uye nekuchengetedza rudo rwake.

3- Kutanga kweWahy (kudzikiswa kweshoko kubva kuna Allah)

Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vaive nehunhu hwakanakisisa kubva pavakasikwa naAllah. Vanhu vedunhu ravo vaivadeedza kuti as-Sādiq al-Amīn (munhu wechokwadi nekutendeka), uye vaibatsirana navo mumabasa anokudzwa, asi vaivenga maitiro avo ekunamata zvifananidzo uye vaisa batsirana navo mukuita izvozvo

Pavakasvitsa makore makumi mana vari kuMakkah, Allah vakavasarudza kuti vave Mutumwa wavo. Saka Ngirozi (yainzi) Gabriieri (rugare ngarwuve kwaari) yakauya kwavari nendima (Ayah) yekutanga yeChitsauko (Surah) chekutanga chakadzikiswa kubva muQur'an, anova mashoko aAllah vari kumusorosoro anoti:

﴿اقْرَأْ بِاسْمِ رَبِّكَ الَّذِي خَلَقَ ① خَلَقَ الْإِنْسَانَ مِنْ عَلَقٍ ② اقْرَأْ وَرَبُّكَ الْأَكْرَمُ ③ الَّذِي عَلَّمَ بِالْقَلَمِ ④ عَلَّمَ الْإِنْسَانَ مَا لَمْ يَعْلَمْ ⑤﴾

{Verenga muzita raTenzi vako avo vakasika (zvinhu zvese)} (1)

{Vakasika munhu kubva mubumbu reropa} (2)

{Verenga, uye Tenzi vako ndivo mukomboreri mukuru} (3)

{Avo vakadzidzisa (kunyora) nechinyoreso} (4)

{Vakadzidzisa munhu zvaakanga asingazivi} (5)

[Surah Al-Alaq:1-5].

Vakabva vauya kumudzimai wavo Khadijah (Allah ngavafare naye) vachirohwa nehana, vakamurondedzera zvakanga zvaitika, iye ndokuvasimbisa. Ndokuenda navo kumwana wababamukuru vake, Waraqah bin Nawfal – uyo akanga agamuchira chiKristu uye achiverenga Torah neInjili – Khadijah ndokuti kwaari: "Iwe mwana wababamukuru vangu, teererai mwana wemukoma wako." Waraqah ndokuti kwavari: "Mwana wemukoma wangu, chii chawaona?" Mutumwa waAllah (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakabva vamurondedzera zvavakanga vaona, Waraqah ndokuti kwavari:

"Iyi ndiyo Ngirozi yakatumwa naAllah kuna Mozisi, dai hangu ndaive jaya rine simba, dai ndaizorarama kusvika panguva iyo vanhu vekwako vachakudzinga." Zvino Mutumwa waAllah (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakabvunza vachiti: "Ko, vachandidzinga here?" Akapindura achiti: "Hongu, hakuna murume akambouya neshoko rakaita serawauya naro akasavengwa. Uye kana zuva racho iroro rikandiwana ndiri mupenyu, ndichakutsigira nerutsigiro rwakasimba kwazvo".

KuMakkah, Qur'an rakaramba richidzikiswa kwavari, richiunzwa naGabrieri (rugare ngaruve kwaari) kubva kuna Tenzi vezvisikwa zvose, uyezve Gabrieri aiuya achimuudza zvakawanda pamusoro pezvehutumwa.

Mutumwa (Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare) vakaramba vachidaidza vanhu vavo kuIslam, vanhu vavo vakavapikisa nekuvakakavadza, uye vakaedza kuvapa zvinoita kuti vasiye kuparidza shoko iri: sepfuma nehushe, asi ivo vakaramba zvese izvozvo. Uye vakataura kwavari sezvakataurwa nevakuru vakare kuvatumwa vakauya kare kuti: "Uri muroyi, murevi wenhema." Vakavaomesera, vakakuvadza muviri wavo unoera, uye vakatambudza vateveri vavo.

Mutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakaramba vachidaidza vanhu kuna Allah kuMakkah. Vaiita izvi mwaka weHajj, nenguva dzemisika yemaArabu yayitwa nguva nenguva kwavaisangana nevanhu vachivazivisa nezveIslam. Havana kutsvaga zvinhu zvenyika kana hutungamiri, uye havana kutyisidzira vanhu nebakatwa, nekuti vakanga vasina masimba ehutongi uye vaive vasiri mambo. Uye pakutanga kwekuparidzira kwavo vakaudza avo vaisatenda kuti vauye nezvakafanana nezvavakauya nazvo kubva muQur'an rinoera, uye vakaramba vachiudza vavengi vavo kuti vauye nebhuku rakafanana neQur'an. Saka pakava neavo vakatenda mavari kubva mumaSahābah vanoremekedzwa (Allah ngavafare navo vose).

KuMakkah, Allah vakavakudza nechiratidzo chikuru, chinova rwendo rwehusiku (Isra)

rwekuenda kuBayt al-Maqdis (Jerusarema), uyezve kukwidzwa kwavo kuenda kudenga(mi'rāi). Uye zvinozivikanwa kuti Allah vakakwidza kudenga Muporofita Eriya naMuzodziwa (Jesu) (rugare ngarwuve kwavari vese) sezvazvinotaurwa nemaMuslim nevaKristu.

Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakagamuchira murairo wemunamato (Swalāh) kubva kuna Allah vari kudenga. Uyu ndiwo munamato unoitwa nemaMuslim kashanu pazuva. Zvakare, kuMakkah Al-Mukarramah kwakaitika chimwe chiratidzo chikuru, chekutsemuka kwemwedzi, zvekuti kunyangwe avo vanonamata Allah nevamwe anamwari venhema (mushrikīn) vakauona.

Vasingatendi vechiQuraysh vakashandisa nzira dzose dzekudzivisa vanhu kubva kwavari, vachiwedzera kuvaitira mazano akaipa uye kuita kuti vanhu vavatize. Vakakumbira kumaJudha kuti vavape humbowo hwekuti vapikisane navo uye nekudzivisa vanhu kuti vavatevere.

Mushure mekunge kushungurudzwa kwevatendi nevasingatendi vechiQuraish kwaenderera mberi, Muporofita (Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare) vakavapa mvumo wekutama kuenda kuAbyssinia. Uye Muporofita (Allah ngavavaropadze nekuvapa rugare) vakati kwavari: "Zvirokwazvo, ikoko kuna

mambo akarurama, hapana munhu waanodzvinzirira." Aive mambo wechiKristu. Saka mapoka maviri kubva mavari akatama achienda kuAbyssinia. Vakatama ava pavakasvika kuAbyssinia, vakatsanangurira Mambo Najashi nezve chitendero chakauya naMuporofita Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare). Akagamuchira Islam ndokuti: "Izvi - ndinopika naAllah - neizvo zvakauya naMozisi (rugare ngarwuve kwaari) zvirokwazvo zvinobuda kubva muchiedza chimwe chete." Asi kuMakkah, kushungurudzwa kwaMutumwa nevateedzeri vavo kwakaenderera mberi.

Pakati peavo vakatenda mavari panguva yemwaka waiungana vanhu paiva nechikwata chevanhu vakabva ku Madinah, avo vakapika mhiko kwavari yekugamuchira Islam neyekuvatsigira kana vatamira kuguta ravo, iro rainzi Yathrib. Mutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakazopa mvumo kune avo vakanga vasara muMakkah kuti vatamire kuguta reAl-Madinah Al-Munawwarah. Nokudaro vakatama, uye Islam yakatekeshera muMadinah zvekuti hapana imba yakasara isina kupindwa neIslam.

Mushure mekunge Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vapedza makore gumi nematatu kuMakkah vachidaidza

vanhu kuna Allah, Allah vakavapa mvumo wekutama kuenda kuMadinah. Nokudaro, Mutumwa (Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare) vakatama, vakaenderera mberi nebasa rekudaidza vanhu kuna Allah, uye ikoko kwakaramba kuchidzikiswa mitemo yeIslam zvishoma nezvishoma. Vakatangira kutumira nhume dzavo netsamba kumadzishe emadzinza nemadzimambo, vachivakoka kuIslam. Vamwe vavakatumira tsamba kwavari vaiva: mambo wevaRoma, mambo wePezhiya, uye mambo wekuEgypt.

MuMadinah makaitika chiitiko chekufugidzwa kwezuva, vanhu vakabva vavhunduka. Zvakaitika zuva rimwechetero nezuva rekufa kwaIbrahim, mwanakomana waMuporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), vanhu vakati: “Zuva rafukidzwa nekuda kwerufu rwaIbrahim.” Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakabva ati:

(إِنَّ الشَّمْسَ وَالْقَمَرَ لَا يَكْسِفَانِ لَمَوْتِ أَحَدٍ، وَلَا لِحَيَاتِهِ، وَلَكِنَّهُمَا مِنْ آيَاتِ اللَّهِ يُخَوِّفُ اللَّهُ بِهِمَا عَبْدًا).

"Zvirokwazvo zuva nemwedzi hazvifukidzwe nekuda kwerufu rwemunhu kana hupenyu hwake,

asi ndezvimwe zvezviratidzo zvaAllah izvo vanotyisa nazvo varanda vavo.¹"

Dai Muporofita (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vaive murevi wenhema vanonyengedza, dai vakakurumidza kutyisidzira vanhu kuti vasarambe shoko ravo, asi ivo vakataura kuti: "Zuva rafukidzwa nekuda kwerufu rwemwanakomana wangu, ko kuzoti uyo anoramba mashoko angu achaitwa sei?"

Mutumwa (Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare) vakashongedzwa naTenzi wavo nehunhu hwakakwana, uye Allah vakatsanangura pamusoro pavo vachiti:

﴿وَإِنَّكَ لَعَلَىٰ خُلُقٍ عَظِيمٍ﴾

{Uye zvirokwazvo iwe (Muhammad) une tsika dzapamusorosoro...}

[Surah Al-Qalam:4],

Vakange vakashongedzwa nehunhu hwese hwakanaka; sekutaura chokwadi, kutendeseka, hushingi, kuyanana, nekutendeka kunyange nevavengi vavo, nerupo. Uyezve vaida kupa zvipo kuvarombo, vanoshaya, shirikadzi, nevanoda rubatsiro. Zvekare vaishingairira kuvatungamirira kugwara rakanaka, uyezve vaive netsitsi kwavari nekuzvinipisa kwavari zvekuti muenzi aiuya achitsvaga Mutumwa (Allah ngavavakomborere

¹ Sahih Muslim (901)

nekuvapa rugare), obvunza vatevedzeri vavo (Allah ngavafadzwe navo) nezvavo ivo vari pakati pavo, asingakwanise kuvaziva, oti: “Ndiyani pakati penyu anonzi Muhammad?”

Nhoroondo yeupenyu hwavo yaive chiratidzo chehutsvene nerunako rwemaitiro mukubata kwavo nemunhu wese angave: muvengi, shamwari, wepedyo, wekure, mukuru, mudiki, murume, kana mukadzi, mhuka kana shiri.

Apo Allah vakazadzisa chitendero kune Mutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), uye Mutumwa vapedza kusvitsa shoko zvizere, vakabva vashaya vaine makore makumi matanhatu nematatu. Vakararama kwemakore makumi mana vasati waitwa Mutumwa, vakazorarama makore makumi maviri nematatu vari Muporofita neMutumwa.

Mutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakavigwa kuMadinah. Havana kusiya pfuma kana nhaka, kunze kwenyurusi yavo chena yavaigara vachitasva, pamwe neivhu ravakaita kuti rive chipo kuvashanyi.¹

Nhamba yeavo vakagamuchira Islam, vakatenda mavari uye nekuvatevera, yaiva yakakura chaizvo. Kubva kuvatevedzeri vavo, vanhu vanopfuura

¹ Sahih al-Bukhari (4461) 6/15.

zviuru zana vakaita navo Hajj yekuonekana, iyo yakaitika panguva ingangoita mwedzi mitatu vasati vashaya. Pamwe ichi ndicho chimwe chezvikonzero zvikuru zvakaita kuti chitendero chavo chichengetedzwe nekutekeshera. Zvirokwazvo, vatevedzeri vavo, vavakadzidzisa hunhu nemitemo yeIslam vaive vatevedzeri vakanakisisa vari vanhu vakarurama, vasingatevedzi hupfumi hwepanyika, vachitya Allah, vakavimbika, nekuzvipira kuchitendero ichi chikuru chavakanga vatenda machiri.

Kubva pavatevedzeri avo vaive nekutenda, ruzivo, mabasa akanaka, kuzvipira, kubvuma zvavakataura, kushandira chitendero, kushinga, nekupa vamwe kudarika vose vaive: Abu Bakr As-Siddiq, Umar bin Al-Khattab, Uthman bin Affan, naAli bin Abi Talib, Allah ngavafadzwe navo. Ndivo vamwe vekutanga-tanga kutenda mavari nekubvuma zvavakataura. Uye ndivo vaive maKhalifa (vatungamiri) mushure mavo, avo vakasimudzira mureza wechitendero mushure mavo. Vakanga vasina chero chezviratidzo zvehuporofita uye (ivo Mutumwa) havana kuvapatsanura nechinhwa kana chipi zvacho chakasiyana nevamwe vatevedzeri vavo, Allah ngavafadzwe navo.

Allah vakachengetedza Bhuku ravo ravakauya naro neSunnah yavo, pamwe nenhoroondo

yehupenyu hwavo, mashoko avo, nemabasa avo mururimi rwavakataura narwo. Nokudaro, hakuna nhoroondo yehupenyu - munhoroondo yese - yakachengetedzwa sekuchengetedzwa kwakaitwa nhoroondo yeupenyu hwavo - Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare - zvekuti kwakatochengetedzwa kuti vairara sei, vaidya sei, vainwa sei, uye vaiseka sei.

Uye vaigarisana sei nemhuri yavo mumba mavo.

Uyezve mamiro avo ose akachengetedzwa akanyorwa pasi munhoroondo yehupenyu hwavo. Ivo vakange vari munhu, vari Mutumwa, vakange vasina kana chimwe chemaitiro ehuMwari, uye vakange vasina simba rekuzvipa zvinhu zvinobatsira kana zvinokuvadza.

4- Hutumwa hwavo

Allah vakatumira Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) mushure mekunge kunamata vanamwari venhema (shirk), kusatenda (kufr), pamwe nekusaziva zvatekeshera nenyika yese. Uyezve panyika hapana akanga achinamata Allah asingavasanganise nechero chinhu, kunze kwevanhu vashoma-shoma vakanga vasara kubva muvanhu vakapihwa magwaro kare (maJudha nemaKristu). Saka Allah vakatumira Mutumwa wavo Muhammad - Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare - senhumwa yekupedzisira pavaporofita nevatumwa. Allah

vakavatuma nenhungamiro pamwe nechitendero chechokwadi kuzvisikwa zvese kuti vaite kuti chive chitendero chikuru pamusoro pezvitendero zvese, uye kuti vaburitse vanhu kubva murima rekunamata zvifananidzo, kusatenda, nekusaziva vachienda kuchiedza chehumwechete hwaAllah nekutenda. Uyezve hutumwa hwavo hunozazikidza hutumwa hwevaporofita vakauya kare, maropafadzo nerugare ngazvive pavari.

Vakadaidza vanhu kuzvinhu zvose zvakadaidzirwa nevaporofita nevatumwa, maropafadzo nerugare ngazvive pavari, vakaita: saNuh (Nowa), Ibrāhīm (Abrahamu), Mūsa (Mozisi), Sulaymān (Soromoni), Dawūd (Dhavhidha), na’Īsa (Jesu)—zvekutenda kuti Tenzi ndivo Allah Musiki, Mupi weraramo, vanopa upenyu nerufu, Muridzi wehumambo hwose; uye ndivo vanoronga nekugadzirisa nyaya dzose, uye ndivo vane tsitsi nengoni. Uyezve kuti Allah ndivo Musiki wezvose zviri panyika, zvatinoona nezvatisingaone, uye kuti chose chisiri Allah chimwe chezvisikwa zvavo.

Uyezve vakadaidza vanhu kuti vanamate Allah vari vega, voregedza kunamata zvimwe zvese zvisiri Ivo. Vakatsanangura zvakajeka kuti Allah Vamwechete, havana mubatsiri mukunamatwa kwavo, muhumambo hwavo, mukusika kwavo,

kana mukuronga kwavo. Vakajekesa kuti Allah havana kubereka uye havana kuberekwa, hapana akaenzana navo kana akafanana navo, uyezve havagari mukati mechinhu chero chipi zvacho chezvisikwa zvavo uye havapinde mumiviri yezvisikwa zvavo.

Uye vakadaidza vanhu kuti vatende mumabhuku aMwari, akaita semagwaro aAbrahamu naMozisi, rugare ngarwuve kwavari, Torah, Mapisarema, neInjil. Zvekare vakadaidza vanhu kuti vatende muvatumwa vese, rugare ngarwuve kwavari, uye vakauya nemutemo wekuti uyo anoramba muporofita mumwechete, zvirokwazvo anenge atoramba vaporofita vese.

Vakazivisa vanhu vese mashoko anofadza etsitsi dzaAllah, uye kuti Allah ndivo vanovakwanira pane zvavanoda munyika ino, uye kuti Allah ndivo Tenzi, vane tsitsi. Ndivo vega vachatonga zvisikwa zvose pazuva rekumutswa, pavachavamutsa vanhu vese kubva mumakuva avo. Uyezve ndivo vanopa mubairo kuvatendi pamusoro pemabasa avo akanaka zvakapetwa kagumi, uyezve vanoranga vanoita mabasa akaipa nemurango unoenderana nawo. Vatendi vanoita mabasa akanaka vachava nemufaro usingaperi muhupenyu hwemangwana. Uyo anoramba kutenda oita mabasa akaipa, achawana murango wake munyika ino nemuhupenyu hwemangwana.

Muhutumwa hwavo, Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), havana kukudza dzinza ravo, kana nyika yavo, kana kuzvikudza ivo pachavo. MuQur'an rinoera makataurwa mazita evaporofita saNoah, Abrahamu, Mozisi naJesu (rugare ngarwuve kwavari) kakawanda kudarika zita ravo. Zita raamai vavo kana mazita evakadzi vavo haana kutaurwa muQur'an rinoera, asi makataurwa zita raamai vaMozisi kanopfuura kamwe chete, uye zita raMaria (rugare ngarwuve kwaari) rakataurwa kanosvika makumi matatu nemashanu.

Mutumwa Muhammad –Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare– vakachengetedzwa kubva kune zvese zvinopesana nemutemo waAllah, pfungwa dzakanaka, uye chizvarirwo, kana zvinorambwa nehunhu hwakanaka; nekuti vaporofita – rugare ngarwuve kwavari – vakachengetedzwa mune izvo zvavanosvitsa kubva kuna Allah, nekuti ndivo vakapihwa basa rekusvitsa mirairo yaAllah kuvaranda vavo. Vaporofita havana chero chinhu chemaitiro ehuTenzi kana huMwari pavari; asi ivo vanhuwo zvavo sevamwe vanhu vese, avo Allah varikumusorosoro vanotumira shoko ravo kwavari.

Humwe humbowo hukuru hwekuti shoko reMutumwa Muhammad (Allah

ngavavakomborere nekuvapa rugare) rakazarurwa kubva kuna Allah ndehwekuti nanhasi richiripo sezvaraive panguva yehupenyu hwavo. Uyezve rinoteverwa nemaMuslim vanopfuura bhiriyaoni imwe, vachitevedzera zvisungo zvaro zvemitemo yechitendero seSwalāh, Zakāh, kutsanya, neHajj nezvimwe zvakadaro pasina shanduko kana kukanganiswa.

5- Zviratidzo zvehutumwa hwavo, micherechezo yazvo pamwe nehumbowo hwazvo.

Allah vanosimbisa vatumwa nezviratidzo zvinoratidza hutumwa hwavo, uye vanovapa humbowo netsananguro dzinopupura pamusoro peshoko ravo. Zvirokwazvo Allah vakapa mutumwa wese zviratidzo zvinokwana kuti vanhu vatende kuburikidza nazvo. Chiratidzo chikurusa chakapihwa vatumwa chiratidzo chaMutumwa wedu Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare). Allah vakavapa Qur'an rinoera, rinove chiratidzo chichagara chiripo kubva kuzviratidzo zvevaporofita kusvika pazuva rekumutswa. Vakamutsigirawo nezviratidzo zvikuru. Zviratidzo zvaMutumwa Muhammad – Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare – zvakawanda, uye zvimwe zvacho ndeizvi:

rwendo rweIsra (kuenda kuBaytul Maqdis)
nemi'rāj (kuenda kudenga), kupatsanurwa

kwemwedzi, kunaya kwemvura kakawanda mushure mekunge Mutumwa vanyengetera kuna Tenzi vavo kuti vawanise vanhu mvura mushure mekunge vatambura nekushaya mvura.

Uyezve kuwandiswa kwechokudya nemvura yaive shoma, zvobva zvadyiwa kana kunwiwa nevanhu vazhinji.

Uye kuzivisa kwavo pamusoro pezvinhu zvakavanzika zvakaitwa kare izvo zvaisazivikanwa nani zvake, kuburikidza nekuziviswa naAllah, uyezve nyaya dzevaporofita(rugare ngaruve kwavari) vakare, pamwe nevanhu vavo, uye nyaya yevanhu vakambogara mubako.

Uye kuzivisa kwavo pamusoro pezvinhu zvakavanzika zveramangwana izvo zvakazoitika mushure mekunge Allah vanorumbidzwa vavaudza zvinhu izvi senyaya yemoto wakabuda mudunhu reHijaz, ukaonekwa neavo vaive kuSham, pamwe nekukwikwidzana kwevanhu mukuvaka zvivakwa zvirefurefu.

Uye kuti Allah vakange vakavakwanira, uye kudzivirirwa kwavo naye kubva kuvanhu.

Uyezve kuzadzikiswa kwezvitsidzirano kumaŞahābah (vateveri) avo, sekutaura kwavo kwavari kuti:

(لَتُفْتَحَنَّ عَلَيْكُمْ فَارِسُ وَالرُّومُ، وَلَتُنْفَقَنَّ كُنُوزُهُمَا فِي سَبِيلِ اللَّهِ).

"Zvirokwazvo muchakurira Pezhiya neRoma, uye zvirokwazvo muchashandisa pfuma yavo munzira yaAllah."

Uye kutsigirwa kwavo naAllah nengirozi.

Uyezve kuparidza kwevaporofita - maropafadzo nerugare zvaAllah ngazvive kwavari - kuvanhu vavo pamusoro pehuporofita hwaMutumwa Muhammad - Allah ngavavaropafadze nekuvapa rugare. Vamwe veavo vakaparidza nezvavo vanosanganisira Mozisi, Davhidi, Soromoni naJesu - rugare ngaruve kwavari - pamwe nemamwe maporofita kubva muvana valsrairi.

Uyezve pane humbowo hwenjere nemifananidzo yakapihwa¹ inotambirwa nepfungwa dzakatwasuka.

Zviratidzo izvi, humbowo, nemienzaniso yohuchenjeri, zvakatekeshera muQur'an rinoera nemuSunnah yaMuporofita. Zviratidzo zvacho zvakawandisa zvekuti hazviverengeki. Uye ani nani anoda kunzwisisa zvakadzama pamusoro pazvo, ngaaongorore Qur'an rinoera, mabhuku eSunnah, nenhoroondo yaMuporofita, nekuti mazviri

¹ Humbowo uhwu hwakaita semashoko aAllah vari kumusorosoro anoti: "Veduwe-e Imi vanhu! Muenzaniso wakava unopihwa, saka uteererei (zvakadzama). Zvirokwazvo, avo vamunonamata vasiri Allah havakwanisi kusika kana nhunzi zvayo, kunyangwe vakaungana kuti vadaro. Uye kana nhunzi ikatora chimwe chinhu kubva kwavari, havana simba rekuchibvisa (nekuchitora) kubva kwairi. Vanotsvaga uye vanotsvagwa vese havana simba." [Sūratul-Hajj:73]

munowanikwa nhau dzechokwadi pamusoro pezviratidzo izvi.

Uye dai zviratidzo izvi zvikuru zvisina kuitika, vavengi vaMutumwa kubva kune avo vasingatendi vechiQuraysh, nemaJudha pamwe nemaKristu, avo vaigara muchitsuwa cheArabhia, vangadai vakawana mukana wekumuti murevi wenhema, uyewo wekuyambira vanhu pamusoro pake.

Qur'an rinoera, ibhuku rakazarurwa naAllah kuna Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), uye ishoko raTenzi wezvisikwa zvese. Allah vakaudza vanhu nemajini kuti vauye nerimwe Qur'an rakangofanana neravo, kana chitsauko (Surah) chimwechete chakafanana nechitsauko chemuQur'an uye zvavakataura izvi zvichiriko nanhasi (asi hapana akakwanisa kuunza bhuku rakafanana neQur'an). Qur'an rinoera rinopindura mibvunzo yakawanda yakakosha inovhiringidza mamiriyoni evanhu. Uyezve Qur'an rinoera rakachengetedzwa kusvika nanhasi mururimi rwechiArabhu rwarakadzikiswa narwo. Hapana kana vara rimwechete rakabviswa mariri, uye rakadhindwa rikatekeshera. Ibhuku guru rinoshamisa, uye ndiro bhuku guru kudarika mamwe ese rakasvika kuanhu. Rakakodzera kuverengwa kana kuverenga dudziro yezvarinoreva. Uyo anopotsa mukana wekuriziva

nekutenda mariri, anenge apotswa nezvakanaka zvese.

Zvakare, Sunnah yaMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) nekutungamirira kwavo, nenhoroondo yehupenyu hwake, zvakachengetedzwa uye zvinopfuudzwa mberi zvichipihwa vanhu vanotevera kuburikidza nevarondedzeri vakavimbika vanopana ruzivo nguva dzakasiyana siyana. Izvi zvakadhindwa nemutauro wechiArab waitaurwa naMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) sekunge vari kurarama pakati pedu, uyezve zvakashandurwa mumitauro mizhinji. MuQur'an rinoera neSunnah yaMutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) ndimo mega munotorwa mitemo nemirairo yeIslam.

6- Mitemo yaAllah yakaunzwa naMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare)

Mitemo yakaunzwa naMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) mitemo yeIslam, uye ndiyo mitemo yaMwari nemashoko avo ekupedzisira, uye inoenderana pahwaro hwayo nemitemo yevaporofita vakauya kare, kunyange hazvo mitemo iyi yakasiyana pamamwe maitirwo.

Iyi mitemo yakakwana, yakakodzera nguva dzese nenzvimbo dzese. Mairi mune kunaka

kwechitendero chevanhu pamwe nehupenyu hwavo hwepasi rino. Uye inosanganisira manamatiro ese anosungirwa kuitwa nevaranda vaAllah, Tenzi wezvisikwa zvese, seSwalāh neZakāh, uye unovajekesera maitirwo ezvemari, zvehupfumi, zvemagariro, zvematongerwo enyika, zvehondo, nezvezvakatipoteredza, zvinotenderwa pamwe nezvinorambidzwa, nezvimwe zvese zvinodiwa muhupenyu hwevanhu pamwe nehupenyu huchazouya.

Mitemo iyi inochengetedza chitendero chevanhu, hupenyu hwavo, chiremerera chavo, pfuma yavo, pfungwa dzavo, pamwe nerudzi rwavo. Uyezve inosanganisira hunhu hwese hwakanaka nekururama, uye unoyambira pamusoro pehunhu hwese hwakaipa nehuipi. Unodaidza kurukudzo rwemunhu, kusapfurikidza mwero, kururamisira, kutendeka, hutsanana, unyanzvi, nerudo, nekudira vanhu zvakanaka, nekudzivirira kudeurwa kweropa, nerunyararo rwenyika, nekurambidza kutyisidzira vanhu nekuvavhundutsa zvisina kururama. Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vairwisa hudzvanyiriri nehuori mumhando dzahwo dzese, uye vaipikisa kutenda zvinhu zvisina hwaro, kuzvitsaura, pamwe nekupikira kunamata chete usingaite zvepano pasi.

Uye Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakatsanangura kuti Allah vakapa ruremekedzo kumunhu – murume nemukadzi – uye vakamuchengetedzera kodzero dzake dzizere. Vakaita kuti munhu ave nemutoro wezvaanozvisarudzira zvake zvese, mabasa ake, nemaitiro ake. Uyezve vakati munhu achavhunzwa pamusoro pechero basa rese raanoita rinomukuvadza iye pachake kana vamwe. Uye vakaita kuti murume nemukadzi vave vakaenzana panyaya dzekutenda, dzekuve nemutoro, kupiwa mubairo nekurangwa. Uyezve mitemo yeIslam inokoshesa zvikuru mudzimai angave mukadzi wemunhu, mwanasikana kana hanzvadzi.

Mitemo yakaunzwa naMutumwa Muhammad – Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare - yakauya nechinangwa chekuchengetedza njere nekurambidza zvese zvinodzikanaganisa sekunwa doro. Naizvozvo, Islam yakaona chitendero sechiedza chinovhenekera nzira yenjere; kuitira kuti munhu anamate Tenzi vake aine nzwisiso neruzivo. Uyezve Islam yakasimudzira kukosha kwenjere, ikadziita hwaro hwekuti munhu akwanise kupihwa mitoro nezvisungo zvekunamata, uyezve yakanunura pfungwa kubva mungetani dzekutenda zvinhu zvisina hwaro nekunamata zvifananidzo.

Mitemo yeIslam inokudza ruzivo rwechokwadi, ichikurudzira tsvakurudzo yezivo isingatungamirwe nekuda kwemuviri kana pfungwa dzinotsaudzira. Uyezve inodaidzira kunyaya yekucherechedza nekufungisisa maererano nemunhu pachake pamwe nezviri panyika. Uye mhedzisiro dzezivo dzechokwadi hadzipokane nezvakaunzwa naMutumwa (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare).

Mumitemo yeIslam hamuna kusarudzwa rudzi rwevanhu kuti rwuve pamusoro pemamwe marudzi, uye hamuna kusarudzwa dzinza kuti rive pamusoro pemamwe madzinza. Zviripo ndezvekuti vanhu vese vakaenzana pamberi pemitemo yeIslam; nekuti vanhu vese pakusikwa kwavo vakaenzana, uye hapana hukuru hwerudzi rumwe pamusoro perumwe, kana hwedzinza rimwe pamusoro perimwe, kunze kwekutya Allah. Mutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vakataura kuti mwana wese anozvarwa ari paFitrah (chisikirwo chekunamata Mwari mumwechete) uye hapana munhu anozvarwa aine chitadzo kana kugara nhaka yechitadzo chemumwe munhu.

Mumitemo yeIslam, Allah vakaisa kutendeuka (Tawbah), kunova kudzokera kwemunhu kuna Tenzi vake nekusiya chitadzo. Islam inodzima

zvitadzo zvakaitwa nemunhu asati aigashira. Kutendeuka kunodzima zvitadzo zvakaitwa mumashure. Naizvozvo, hapana chikonzero chekureurura zvitadzo pamberi pemumwe munhu, nekuti muIslam, hukama huri pakati pemunhu naAllah hauna anopindira. Saka haudi munhu anozoita murevereri pakati pako naAllah. Nokudaro, Islam inorambidza kuti titore vanhu savanamwari kana vabatsiri vaAllah muhuTenzi hwavo kana mukunamatwa kwavo.

Mitemo yakauya naMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) inodzima mitemo yese yakauya kare, nekuti Mitemo yeIslam yakauya naMuhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare), kubva kuna Allah, ndiyo Mitemo yekupedzisira kusvika pazuva rekutongwa. Uye yakagadzirirwa zvisikwa zvese; nekudaro yakadzima mitemo yekare, sekudzima kwakaita mitemo yekare imwe mitemo. Allah vanokudzwa uye varikumusorosoro, havatambiri mumwe mutemo kunze kwemitemo yeIslam, uye havatambiri chimwe chitendero kunze kwechitendero cheIslam chakauya naMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare). Uyo anotambira chitendero chisiri cheIslam, hachitambirwi kubva kwaari. Uye uyo anoda kuziva zvakadzama pamusoro pemitemo

yelIslam iyi, ngaaitsvage mumabhuku akavimbika anotsanangura nezveIslam.

Zvirokwazvo, chinangwa chemitemo yeIslam – icho chinove chinangwa chemashoko ese aAllah – ndechekuti chitendero chechokwadi chisimudzire munhu kuti agove muranda akazvipira kuna Allah, Tenzi wezvisikwa zvese, uye kuti chimusunungure kubva mukuitwa muranda nemunhu, zvinhu zvenyika, kana kutenda muzvinhu zvisina hwaro.

Zvirokwazvo, mitemo yeIslam inokodzera kushanda nguva dzose nenzvimbo dzose, uye hapana chiri mauri chinopesana nezvinobatsira munhu zvechokwadi. Nokuti iwo wakadzikiswa kubva kuna Allah, avo vanoziva zvinodiwa nevanhu. Vanhu vanoda mutemo wakarurama pachawo, usingazvipikisi, unogadzirisa magariro evanhu vose, usina kugadzirwa nemunhu asi wakagamuchirwa kubva kuna Allah, uyo unotungamirira vanhu kunzira yakanaka negwara rakarurama. Saka kana vanhu vakashandisa mitemo iyi pakutonga, magariro avo anorurama uye vanopukunyuka kubva mukudzvinyirirana.

7- Maonero evavengi vaMutumwa pamusoro pavo nekumupupurira kwavo.

Hapana kupokana kuti muporofita umwe neumwe aiva nevavengi vaimupikisa uye vachiisa zvimhingamupinyi munzira yekuparidza kwake, uye vachidzivisa vanhu kuti vasatende maari.

Mutumwa waAllah Muhammad (Allah ngavavakomborere nekuvapa rugare) vaive nevanhu vaivapikisa vakawanda munguva yehupenyu hwavo uye mushure mekushaya kwavo. Zvirokwazvo, Allah vakaita kuti vakunde pavari vose. Uye vakawanda vavo vakapupura kakawanda – munguva dzekare nemazuva ano – kuti ivo Muporofita, uye kuti vakauya nezvakafanana nezvakauya nevaporofita vakauya kare (rugare ngarwuve pavari). Uyezve vakapupura kuti vanoziwa kuti ivo Mutumwa ari pachokwadi, asi vazhinji vavo vakatadziswa kutenda mavari nezvikonzero zvakawanda sekuda hutungamiri, kana kutya vanhu vemunharaunda, kana kuzeza kurasikirwa nemari yavaiwana kubva pazvigaro zvavo.

Kurumbidzwa kwese ndekwaAllah, Tenzi wezvisikwa zvese.

الفهرس

Mutumwa weChitendero cheIslam, Muhammad, Allah ngavavakomborerwa nekuvapa rugare.....	2
Dare rezvedzidzo rebazi reitungamiri hwechitendero paMasjid al -Haram neMasjid an-Nabawi.	1
1- Zita rake, dzinza rake, neguta raakaberekerwa nekukuriramo.....	2
2- Wanano yakakomborerwa nemudzimai akakomborerwa.....	4
3- Kutanga kweWahy (kudzikiswa kweshoko kubva kuna Allah)	5
4- Hutumwa hwavo	14
5- Zviratidzo zvehutumwa hwavo, micherechezo yazvo pamwe nehumbowo hwazvo.....	18
6- Mitemo yaAllah yakaunzwa naMutumwa Muhammad (Allah ngavavakomborerwa nekuvapa rugare)	22
7- Maonero evavengi vaMutumwa pamusoro pavo nekumupupurira kwavo.	27



sn449v1.0 - 19/04/2026



رسالة الحرمين

Message of The Two Holy Mosques

Guidance content for the visitors of the Holy Mosque
and the Prophet's Mosque in languages

